



Pou Piblikasyon Imedya: 18/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIT VAKSINASYON ETA YO PRAL KÒMANSE DIMINYE

*Eta a ap kontinye konsantre sou kominote ki gen to vaksinasyon ki fèb yo*

*Aprè gwo etap enpòtan avèk 70% adilt Nouyòkè ki resevwa premye dòz vaksen COVID-19 la, Eta a ap deplase resous yo nan kominote kote pousantaj vaksinasyon an pi ba pase mwayèn eta a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke akòz pwogrè pou vaksinasyon nan tout eta a ak reyalizasyon etap enpòtan ki te pèmèt Eta leve restriksyon COVID-19 la, kèk sit vaksinasyon an mas pral diminye epi deplase resous yo pou efò vaksinasyon ki lokalize yo. Pandan semèn ak mwa k ap vini yo, yon kantite sit ap diminye an fonksyon demann yo, pwoksimite yo ak lòt sit vaksinasyon yo, ak lòt efò ki konsantre lokalman. Tranzisyon an reflekte plan Eta a pou konsantre resous yo sou zòn sa yo kote done kòd postal yo montre pousantaj vaksinasyon an pi fèb pase mwayèn nan tout eta a.

"Rezo sit vaksinasyon an mas nou an te jere pi gwo debi vaksinasyon nan yon peryòd tan kout, epi gras ak siksè yo nou te atenn etap enpòtan nou te bezwen rive a pou retounen nan lavi jan nou konnen l la," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwogrè nou nan tout eta a te remakab, men nou toujou bezwen bay plis vaksen nan bra yo, patikilyèman nan zòn ki toujou anreta nan vaksinasyon yo. Nou dwe ale kote bezwen an pi gwo a, epi anpil nan sit vaksinasyon an mas nou yo ap kòmanse diminye gradyèlman pou nou ka itilize resous nou yo nan kominote ki sible kote to vaksinasyon an toujou ba."

Apati lendi 21 jen, premye faz diminisyon an ap kòmanse ak fèmte sit an mas nan Corning, Oneonta, Potsdam ak York College.

Nan kòmansman mwa sa, Gouvènè a te anonse yon seri sit vaksinasyon tanporè ap ouvri nan zòn ki gen to vaksinasyon ki pi ba yo, pou apiye angajman Eta a pou rann vaksen an aksesib nan tout kominote atravè eta a. Eta New York ap elaji pwogram sa epi l ap ouvri sit adisyonèl nan semèn k ap vini yo.

Nou ankouraje Nouyòkè yo kontinye itilize zouti [Am I Eligible](#) la pou pran randevou epi verifye disponiblite vaksen an nan sit vaksinasyon an mas Eta a ap jere yo. Tout sit ki ouvé yo kontinye ofri vaksinasyon san randevou pou tout moun ki kalifye yo.

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la

disponib pou distribisyon vaksen COVID-19 la epi li enkli done pa kòd postal sou vaksinasyon an. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou refilete mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan [STOPVAXFRAUD@health.ny.gov](mailto:STOPVAXFRAUD@health.ny.gov). Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki kalifye a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)